# IDENTIFIKASI DATA
# PENGAJARAN BAHASA DAERAH DI JAWA BARAT

**MAKALAH**

**Pembekalan Staf BPBD Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat**

**Bandung, 12 Agustus 2003**

**Drs. Yayat Sudaryat, M.Hum.**

**BALAI PENGEMBANGAN BAHASA DAERAH**

**DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT**

**BANDUNG 2003**

# MUSYAWARAH GURU MATA PELAJARAN (MGMP) BAHASA SUNDA
# DINAS PENDIDIKAN KABUPATEN GARUT
# 2004
# KBK JEUNG PAMAREKAN KONTEKSTUAL
# DINA PANGAJARAN BASA DAERAH (SUNDA) DI SMP

**Drs. Yayat Sudaryat, M.Hum.**

## 0. Bubuka

Ieu tulisan anu basajan téh medar perkara sawatara hal dina "Mekarkeun KBK jeung Pamarekan Kontékstual dina Pangajaran Basa Daérah (Sunda)". Disebut basajan sotéh duméh eusina henteu pepek sakumaha nu dipiharep ku para pamilon dina ieu lawungan. Malah bisa disebut céték pisan. Boa tos padamaphum nepi ka teu anéh lamun di antara pamilon ngarasa teu perlu, da geus ngarasa bisa jeung biasa. Ku kituna, ieu tulisan lain rék ngaguruan atawa "mapatahan ngojay ka meri", "mapatahan naék ka monyét", da Ibu miwah Bapa sanés meri sareng monyét. Ieu mah itung-itung jabung tumalapung, sasieureun sabeunyeureun aya mangpaatna, minangka bahan guareun. Sigana disebut bahan ogé kurang keuna, da ieu mah itung-itung eupan, sugan jeung sugan aya padungdengan papada urang.

Taun 2004 kalawan rampak sa-Indonésia mitembeyan dipakéna kurikulum basis kompeténsi (KBK). Samalah henteu disebut KBK deui, tapi *Kurikulum 2004 Standar Kompeténsi*. Munculna éta kurikulum téh teu bisa leupas tina kahanan kurikulum pendidikan di Indonésia, anu terus barobah geusan ngaluyukeun diri kana robahna kamekaran paélmuan katut pameredih panéka jaman. Ari robahna kurikulum téh rata-rata antara 6--10 taun (Kurikulum 1968, 1975, 1984, 1994, jeung 2004). Bédana kurikulum téh pangpangna dina lebah titincakanana, nya éta dumasar kana jejer bahan, sistem unit, téma, jeung kompeténsi. Kurikulumna teu goréng alias geus hadé, da anu héngkérna mah lebah prakna, praktékna, atawa impleméntasina.

Dina ieu tulisan dipedar perkara KBK katut pamarekan pangajaran basa Sunda. Aya genep hal anu dipidangkeun dina ieu tulisan, nya éta (1) kompeténsi, (2) prinsip-prinsip KBK, (3) pangajaran kompeténsi basa Sunda, (4) susunan KBK basa Sunda, (5) padika pangajaran basa Sunda, jeug (6) silabus jeung sistem penilaian basa Sunda.

1) Lokakarya KBK Bahasa Daerah (Sunda) pikeun Guru-guru SMP sa-Kabupatén Garut, 17-03-2004
2) Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah (Sunda) FPBS UPI

**1. Kompeténsi**

Kompeténsi mangrupa "kamampuh" nu eusina ngawengku kaweruh (kognitif), kamahéran (psikomotor), jeung ajén-inajén (afektif) dasar, anu diébréhkeun (diréfléksikeun) kana kabiasaan mikir jeung milampah. Ari kabiasaan mikir jeung milampah kalawan ajeg (konsisten) tur sinambung (kontinyu) bisa ngawujud-keun siswa jadi mampuh (kompetén) pikeun milampah hiji hal.

KBK mangrupa sapuratina rencana jeung panataan ngeunaan kompetensi jeung hasil diajar anu kudu dihontal ku siswa, meunteun, kagiatan diajar ngajar, jeung mateahkeun sumber daya atikan dina ngamekarkeun kurikulum sakola.

Ari KBK téh tujulna atawa oriéntasina kana (1) hasil jeung dampak anu dipiharep muncul di diri siswa ngaliwatan runtuyan kagiatan diajar nu miharti, jeung (2) rupining hal anu diébréhkeun dumasar kana kabutuh.

**2. Prinsip-prinsip KBK**

Prinsip-prinsip anu perlu dititenan dina makihikeun KBK, nya éta:

a) Pangalaman diajar anu saimbang di antara:
   (1) *holistika*: kaimanan, katakwaan, ahlak, moral, jeung budi pekerti luhur;
   (2) *étika*: sopan santun, tatakrama, someah, hade tata hadé basa;
   (3) *logika*: akal, pikiran, rasio;
   (4) *éstétika*: kaendahan rasa, karsa, emosi;
   (5) *kinéstétika*: rengkuh, peta, pasemon, peta-badani/ragawi;
   (6) *praktika*: prakna, lakuna, jeung latihan.

b) Ayana kasadaran yén basa Sunda bagian penting tina budaya Sunda, sarta budaya daérah bagian tina budaya nasional.

c) Ayana pangaruh globalisasi dina widang élmu jeung téknologi informasi katut komunikasi (komputer, internét), anu kudu diantisipasi dina wacana.

d) Ayana kasadaran yén kamampuh pangaweruh jeung kaparigelan basa Sunda anu bener tur merenah bisa dipaké nyiar kipayah: "*life skills*".

e) Satata dina kasempetan, aya siswa luhur, tengah-tengah, jeung aya handap.

f) Diajar taya watesna, salila hirup ("*long life education*).

g) Museur ka siswa (*subject oriented*) kalawan meunteun anu sinambung tur

1) Lokakarya KBK Bahasa Daerah (Sunda) pikeun Guru-guru SMP sa-Kabupatén Garut, 17-03-2004
2) Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah (Sunda) FPBS UPI

kompréhénsif.

h) Pamarekan gembleng-masagi (*menyeluruh*) jeung mimitran.

i) Ngukuhan dalitna bangsa (integritas nasional).

KBK kudu bisa méré (1) dasar-dasar pangaweruh (kognitif), (2) kamahéran atawa kaparigelan (psikomotor), jeung (3) sikep nu alus (afektif). Ěta tilu aspék téh kudu méré pangalaman nu pikaresepeun ka diri siswa.

Ari pangalaman diajar nu pikaresepeun téh, ceuk UNĚSCO, nyoko kana opat pilar, nya éta

(a) diajar mikanyaho (*learning to know*),

(b) diajar migawé (*learning to do*),

(c) diajar mibanda (*learning to be*), jeung

(d) diajar milampah hirup babarengan (*learning to live together*).

Diajar mikanyaho (*learning to know*) diolah dina uteuk (hemisper) katuhu. Kacékasan uteuk (*kecerdasan otak*) ajénna 10%, sésana mah 90% nyoko kana hal-hal nu patali jeung *(emotional, spiritual, social) question*. Anu aya dina uteuk kudu nyambung jeung nu aya dina haté. Naon sababna ka kolot kudu hormat tilawat, lantaran kolot gedé jasana ka urang. Geura tengetan ieu pupuh Maskumambang, minangka hasil 'guneman haté jeung pikiran (uteuk)'.

"Hé barudak kudu mikir ti leuleutik,
maneh kahutangan,
ku kolot ti barang lahir,
nepi ka ayeuna pisan."

Diajar migawé atawa kaparigelan (*learning to do, skill*) nétélakeun yén diajar téh lain ngan semet inget wungkul, dapon apal waé. tapi kudu ngarti tur surti, malah kudu parigel, boh ngucapkeunana boh migawéna. Nya ucap nya lampah (?) Dajar basa, lain keur élmu, tapi keur gaul (komunikasi). Lain diajar tata basa heula, tapi langsung bacéo, torojogan nyarita. Sing nepi ka bisa cas-cés-cos ngawangkong.

Diajar mibanda (*learning to be*) nétélakeun yén kamampuh, kamahéran, jeung batin atawa aféktif kudu jadi milikna sorangan. Siswa diajar ngawangun panyangkemna sorangan kalawan rancagé (*students learn best by actively constructing their own understanding*). Ku cara kitu dipiharep siswa bisa asup kana "Gapura Panca waluya", lima lawang pikeun hirup barina hurip, salamet di dunya jeung di ahérat, nya éta *cageur, bageur, bener, pinter,* jeung *singer*, tapi teu *kabalinger*.

1) Lokakarya KBK Bahasa Daerah (Sunda) pikeun Guru-guru SMP sa-Kabupatén Garut, 17-03-2004
2) Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah (Sunda) FPBS UPI

Diajar milampah hirup babarengan (*learning to live together*) nyoko kana diajar ngelompok téa. Ku cara ngelompok siswa bisa gawé babarengan, rempug jukung sauyunan, ka cai jadi saleuwi ka darat jadi salebak. Dina diajar sing bisa silih élédan (*sharing*) jeung babaturan. Patali jeung diajar hirup babarengan aya pupuh Pucung anu unina kieu.

"Utamana jalma kudu réa batur,
Keur silih tulungan,
Silih titipkeun nya diri,
Budi akal ngan ukur ti pada jalma."

Tina opat pilar diajar téh, siswa sing jadi "teuneung jeung ludeung" dina nyorang pakumbuhan. Robah sikepna, tina "sawios abdi mah di pengker", jadi kudu aya di baris hareup. Sikep ngabaékeun kana diajar lantaran teu boga buku, "atuda teu gaduh artos kanggo mésér buku", kudu dirobah "sanajan teu gaduh artos, buku mah tetep ngagaleuh".

**3. Pangajaran Kompeténsi Basa jeung Sastra Sunda**

a) Basa Sunda mangrupa pakakas komunikasi pikeun masarakat Sunda. Komunikasi téh ngirim jeung narima pesan (rasa, pikiran jeung kahayang).

b) Kurikulum Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda dina basis kompeténsi mangrupa program keur mekarkeun kamahéran, kaweruh, jeung sikep positip kana basa jeung sastra Sunda.

c) Kalungguhan basa Sunda jadi basa daérah di Indonesia (UUD 1945, Bab XV, Penjelasan Pasal 36).

d) Fungsi basa Sunda jadi:

(1) lambang kareueus daérah,

(2) lambang jatidiri daérah,

(3) alat gaul di kulawarga jeung masarakat daérah,

(4) pangdeudeul basa nasional,

(5) basa panganteur di SD kelas awal di Jawa Barat, jeung

(6) alat pikeun mekarkeun jeung ngadeudeul budaya Sunda.

e) Fungsi pangajaran basa Sunda jadi sarana dina

(1) ngabina makéna basa Sunda,

(2) ngadadasaran jeung ngadeudeul pangajaran basa Indonésia,

(3) nyebarkeun basa Sunda,

(4) mekarkeun sastra katut budaya Sunda, jeung

1) Lokakarya KBK Bahasa Daerah (Sunda) pikeun Guru-guru SMP sa-Kabupatén Garut, 17-03-2004
2) Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah (Sunda) FPBS UPI

(5) ngabina jeung ngabakukeun ragam basa Sunda.

f) Tujuan pangajaran basa Sunda nya éta sangkan siswa

(1) ngajénan jeung ngarasa reueus kana basa jeung sastra Sunda,

(2) paham kana basa jeung sastra Sunda (wangun, harti, jeung fungsi),

(3) mampuh maké basa jeung sastra Sunda kalawan bener tur merenah.

g) Bahan ajar (*matéri pokok*) basa Sunda ngawengku:

(1) *aspék makéna basa*: ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis;

(2) *kaweruh basa*: adegan basa jeung kandaga kecap;

(3) *sastra*: aprésiasi sastra, éksprési sastra, jeung kaweruh sastra, anu nyamuni dina kagiatan aspék makéna basa.

**4. Susunan jeung Rambu-rambu KBK Basa Sunda**

Raraga KBK Basa jeung Sastra Sunda disusun dina opat unsur, nya éta:

a) *Standar kompeténsi*, nu mangrupa gambaran umum kamampuh basa jeung sastra nu nyoko kana opat kaparigelan: ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis.

b) *Kompeténsi dasar*, anu mangrupa pedaran ngeunaan kamampuh nu kudu dicang-king ku siswa waktu komunikasi (lisan, tulis);

c) *Matéri pokok,* anu mangrupa wangunan paélmuan basa jeung sastra Sunda minangka alat komunikasi; jeung

d) *Indikator pencapaian hasil belajar*, nu mangrupa pedaran kompeténsi nu leuwih husus anu kudu dicangking ku siswa pikeun cecekelan dina meunteun kahontalna hasil diajar.

Di handap ieu conto KBK Bahasa jeung Sastra Sunda di SMP untuk aspék kemampuan berbahasa ‘menyimak’.

Standar Kompetensi: 1. Mampu memahami dan menanggapi berbagai ragam wacana lisan nonsastra melalui mendengarkan informasi (siaran berita dan nonberita) baik dari média éléktronik maupun cerita yang disampaikan secara langsung atau melalui rekaman.

| Kompeteni Dasar | Indikator | Materi Pokok |
|---|---|---|
| 1.2 Menyimak berbagai cerita yang disampaikan secara langsung atau melalui rekaman. | - Mencatat hal-hal lucu, haru, sedih, gembira, dll.<br>- Menceritakan kembali isi cerita secara runtut. | - Cerita lucu |

1) Lokakarya KBK Bahasa Daerah (Sunda) pikeun Guru-guru SMP sa-Kabupatén Garut, 17-03-2004
2) Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah (Sunda) FPBS UPI

| | | |
|---|---|---|

Rambu-rambu pangajaran basa Sunda téh kieu.

(1) Enas-enasna, diajar basa téh nya éta diajar komunikasi. Pangajaran basa Sunda dipuseurkeun kana kamampuh siswa dina komunikasi lisan--tulis.

(2) Pangajaran basa Sunda ditujukeun sangkan siswa weruh, parigel (mahér), jeung alus sikepna kana basa jeung sastra Sunda.

(3) Kecap miboga kalungguhan penting dina mekarkeun kognisi siswa. Kandaga kecap bisa ngabeungharan kekecapan siswa.

(4) Pangajaran sastra Sunda ditujulkeun sangkan siswa mampuh ngaaprésiasi jeung ngaékprésikeun karya sastra, anu engkéna boga kaweruh sastra.

(5) Kompeténsi dasar dipuseurkeun kana opat kamahéran basa. Konsép basa jeung sastra dibaurkeun (diintegrasikeun) kana pangajaran kamaheran basa.

**5. Padika Pangajaran Kontékstual dina Basa Sunda**

Métodologi pangajaran basa Sunda tumali jeung tilu hal, nya éta:

(1) Pamarekan (pendekatan): *pamarekan kompeténsi komunikatif* jeung *pamarekan kontékstual*;

(2) Métode: langsung, latihan-pola, tata basa, mim-mem, jeung ékléktik

(3) Téknik: papancén, tanya jawab, ngaragakeun, diskusi, jeung ceramah.

Pangajaran basa anu dumasar kana kompeténsi komunikatif nganggap yén pancén utama basa téh pikeun alat komunikasi. Gambaran komunikasi ébréh dina bagan di handap ieu.

KOMPETENSI KOMUNIKATIF BASA




1) Lokakarya KBK Bahasa Daerah (Sunda) pikeun Guru-guru SMP sa-Kabupatén Garut, 17-03-2004
2) Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah (Sunda) FPBS UPI

**Interaksi Sosial**

Pamarekan atawa pendekatan kompeténsi komunikatif bisa dibarengan ku Pendekatan Kontékstual (*Contextual Teaching and Learning* (CTL)), nya éta konsép diajar nu mantuan guru ngaitkeun bahan anu diajarkeun jeung dunya nyata siswa, bari ngadorong siswa matalikeun kaweruh nu dicangkingna kana larapna dina kahirupan sapopoé.

CTL miboga sawatara ciri, di antarana, (a) gawé bareng jeung silih deudeul, (b) pikaresepeun, (c) diajar kalawan gairah, (d) pangajaran ngabaur atawa adu manis (terintegrasi), (e) ngagunakeun rupining sumber, (f) siswa aktip, kritis, jeung kréatif, (g) silihélédan (*sharing*) jeung babaturan, (h) siswa ngaragakeun, guru ngalelempeng, (i) pidangan karya siswa, jeung (j) laporan (rapor jeung karya siswa).

Komponén Pamarekan Pangajaran Kontékstual aya tujuh rupa, nya éta:

(1) *construcivism*: kaweruh diwangun saeutik-saeutik,

(2) *inquiry*: manggihan ngaliwatan léngkah ilmiah;

(3) *questioning*: tumanya;

(4) *learning community*: diajar ngelompok;

(5) *modéling*: midangkeun conto, modél keur tirueun;

(6) *réfléction*: cara mikir ka hareup jeung ka tukang; jeung

(7) *authéntic assessment* (ngajén sabenerna).

**Motto**: Cara diajar nu pangalusna nya eta siswa ngawangun sorangan kalawan aktip nu dipahamna. (*Students learn best by actively constructing their own understanding*).

Stratégi pangajaran maké Pamarekan Kontékstual nyoko kana kagiatan: (1) Cara Belajar Siswa Aktif (CBSA), (2) Pendekatan prosés, (3) *life skills education*, (4) *authentic instruction*, (5) *inquiry-based learning*, (6) *problem-based learning*, jeung (7) *cooperative-learning, service learning.*

Runtuyan kagiatan pangajaran kontékstual, ceuk Zahorik (1995:14-22), nyoko kana (1) *activating knowledge*, (2) *acquiring knowledge*, (3) *understanding knowledge*, (4) *applying knowledge*, jeung (5) *reflecting knowledge*.

Larapna pamarekan kontékstual di kelas, di antarana, (1) mékarkeun tangtungan yén siswa bakal diajar leuwih ngeusi ku cara gawé, manggihan, jeung

1) Lokakarya KBK Bahasa Daerah (Sunda) pikeun Guru-guru SMP sa-Kabupatén Garut, 17-03-2004
2) Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah (Sunda) FPBS UPI

ngawangun sorangan kaweruh jeung kaparigelanana; (2) pilampah kagiatan inkuiri keur tiap topik; (3) mekarkeun karep panasaran siswa ku tumanya; (4) ciptakeun masarakat diajar (diajar ngelompok); (5) pidangkeun modél; (6) pilampah répléksi ahir lawungan; jeung (7) meunteun saenyana ku rupining cara.

**6. Silabus jeung Sistem Penilaian dina Pangajaran Basa Sunda**

**a. Lengkah-lengkah Nyusun Silabus jeung Sistem Penilaian**

Silabus mangrupa wujud operasionalisasi kompeténsi dasar, pedaran matéri pokok nu leuwih spésifik, kagiatan diajar, évaluasi, jeung alokasi waktu. Ari gunana mangrupa padoman guru dina ngarancang, ngalaksanakeun, jeung ngolah pangajaran. Silabus disusun ku guru di sakola, MGMP, atawa KKG, anu dipakihi-keun ku Dinas Pendidikan (Kabupatén/Kota jeung Kacamatan).

Aya sawatara tahap dina nyusun silabus jeung sistem meunteun, nya éta:

(1) *idéntifikasi* (idéntitas/jatidiri sakola, mata pelajaran, kelas, semester);
(2) ngaruntuykeun s*tandar kompeténsi* jeung *kompeténsi dasar*;
(3) nangtukeun bahan utama (*matéri pokok*) katut wincikanana;
(4) milih *pangalaman diajar* (kagiatan fisik-méntal siswa patali jeung bahan);
(5) ngawincik *Kompeténsi Dasar* kana cicirén (*indikator*) hontalan hasil diajar;
(6) ngawincik *indikator* kana *penilaian* (warna tagihan, wangun instrumén, soal);
(7) nangtukeun alokasi waktu; jeung
(8) milih sumber/bahan/alat.

Anu kaasup kana *warna tagihan* téh nya éta (1) kuis, (2) pertanyaan lisan, (3) ulangan sapopoé (harian). (4) ulangan blok (réndonan rupining kompeténsi), (5) tugas individu, (6) tugas kelompok, (7) résponsi (ujian prakték), jeung (8) laporan kegiatan (praktikum, widyawisata, jsté.).

*Wangun instrumen* bisa *tés* bisa *non-tés*. Wangun tés ngawengku (1) pilihan ganda, (2) uraian obyéktif (BUO), (3) uraian non-obyéktif (BUNO), (4) jawaban atawa eusian singget, (5) ngajodokeun, (6) ngaragakeun (unjuk kerja, performans), jeung (7) portofolio (kumpulan tugas jeung karya siswa katut kamekaranana).

**b. Format Silabus jeung Sistem Penilaian katut Rencana Pembelajaran**

Hal-hal anu kudu aya dina silabus jeung sistem penilaian nya éta (1) idéntitas (ngaran sakola, mata pelajaran, kelas/seméster), (2) standar kompeténsi, (3) kompe-ténsi dasar, (5) indikator, (6) pangalaman diajar, (7) alokasi waktu, (8)matéri pokok, (9) penilaian, jeung (10) sumber/bahan/alat. Formatna di handap ieu.

1) Lokakarya KBK Bahasa Daerah (Sunda) pikeun Guru-guru SMP sa-Kabupatén Garut, 17-03-2004
2) Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah (Sunda) FPBS UPI

# FORMAT SILABUS DAN SISTEM PENILAIAN

Nama Sekolah : ____________________
Mata Pelajaran : ____________________
Kelas/Seméster : ____________________
Standar Kompeténsi : ____________________

| Kompeténsi Dasar | Matéri Pokok | Indikator | Pengalaman Belajar | Penilaian | | | Alokasi Waktu | Sumber/ Bahan/ Alat |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | Jenis Instrumén | Bentuk Instrumén | Soal | | |
| | | | | | | | | |

# RENCANA PEMBELAJARAN

Mata Pelajaran : Bahasa Daérah (Sunda)
Satuan Pendidikan : ..............................................
Matéri Pokok : ..............................................
Kelas/Seméster : ..............................................
Alokasi Waktu : ..........................Jam pelajaran

I. Standar Kompeténsi : ..............................................
II. Kompeténsi Dasar : ..............................................
III. Indikator : ..............................................

IV. Langkah Pembelajaran
- a. Persiapan
- b. Kegiatan Inti
- c. Penutup

V. Sarana dan Sumber Belajar
.........................................................................................

VI. Penilaian
- a. Tertulis
  .........................................................................................
- b. Kinerja (performansi)
  .........................................................................................
- c. Produk

1) Lokakarya KBK Bahasa Daerah (Sunda) pikeun Guru-guru SMP sa-Kabupatén Garut, 17-03-2004
2) Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah (Sunda) FPBS UPI

.........................................................................................
d. Penugasan/Proyek
.........................................................................................
e. Portofolio
.........................................................................................

Conto Silabus 2:

Mata Pelajaran : Bahasa Daérah (Sunda)
Satuan Pendidikan : Sekolah Menengah Pertama
Kelas/Seméster : III/2
Alokasi Waktu : 2 jam pelajaran

| Kompeténsi Dasar | Matéri Pokok | Hasil Belajar | Indikator | Pembelajaran |
|---|---|---|---|---|
| 1. Berpidato | Pidato untuk berbagai keperluan | Dapat berpidato untuk berbagai keperluan di sekolah maupun di masya-rakat dengan berani dan percaya diri di depan banyak orang. | Dapat mempersiapkan teks pidato dengan tema tertentu, baik kerangka maupun naskah pidato. | Memilih tema pidato yang sesuai dengan keperluan di sekolah dan di masyarakat.<br><br>Mengembangkan tema pidato yang terpilih menjadi kerangka pidato dengan sistematis<br><br>Mengembangkan kerangka pidato menjadi naskah pidato dengan menggunakan kata dan kalimat yang menarik.<br><br>Melakukan simulasi pidato.<br><br>Mengikuti kegiatan lomba pidato di sekolah atau masyarakat. |

1) Lokakarya KBK Bahasa Daerah (Sunda) pikeun Guru-guru SMP sa-Kabupatén Garut, 17-03-2004
2) Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah (Sunda) FPBS UPI

Conto Silabus 3:

Mata Pelajaran : Bahasa Daérah (Sunda)
Satuan Pendidikan : Sekolah Menengah Pertama
Kelas/Seméster : II/2
Alokasi Waktu : 6 jam pelajaran (3 kali pertemuan)

| **Kompetensi Dasar** | **Indikator** | **Matéri Pokok** | **Pembelajaran** |
|---|---|---|---|
| Membaca dongéng dan menanggapi isinya | - Dapat membaca-kan dongéng “Sakadang Kuya jeung Monyét Ngala Cabe”<br>- Dapat menyimak pembacaan do-géng “Sakadang Kuya jeung Mo-nyét Ngala Cabé”<br>- Dapat menjawab pertanyaan ten-tang dongéng “Sakadang Kuya jeung Monyét Ngala Cabé”.<br>- Dapat menceri-takan kembali dongéng “Sakadang Kuya jeung Monyét Ngala Cabé”<br>- Dapat menyimpul-kan isi dongeng<br>- Dapat mencari makna istilah tumbuhan<br>- Dapat memberi-kan contoh istilah tumbuhan<br>- Dapat mengguna kan istilah tum-buhan dalam kalimat<br>- Dapat menyim-pulkan istilah tumbuhan | Bacaan dongéng<br><br>Istilah Tutuwuh -an | * Membacakan dongéng “Sakadang Kuya jeung Monyét Ngala cabé”<br>* Menyimak pembacaan dongeng “Sakadang Kuya jeung Monyét Ngala Cabé”<br>* Menjawab pertanyaan tentang isi dongéng “Sakadang Kuya jeung Monyét Ngala Cabé”.<br>* Menceritakan kembali dengan bahasa sendiri dongéng “Sakadang Kuya jeung Monyét Ngala Cabé”<br>* Menyimpulkan isi dongéng.<br><br>* Berdiskusi untuk mencari makna istilah tutuwuhan<br>* Mencari kata-kata yang berkaitan dengan istilah tutuwuhan<br>* Menggunakan istilah tutuuwuhan dalam kalimat<br>* Menyimpulkan istilah tutuwuhan |

1) Lokakarya KBK Bahasa Daerah (Sunda) pikeun Guru-guru SMP sa-Kabupatén Garut, 17-03-2004
2) Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah (Sunda) FPBS UPI

# RENCANA PEMBELAJARAN

Satuan Pendidikan : SMP
Mata Pelajaran : Bahasa Daérah (Sunda)
Matéri Pokok/Téma : Téks ékposisi yang mengandung istilah ilmu
Kelas/Seméster : ________/__________
Alokasi Waktu : _______ Pertemuan ( ___ x ____ menit)

I. STANDAR KOMPETENSI
3. Mampu membaca dan memahami ragam téks nonsastra dengan berbagai cara membaca.

II. KOMPETENSI DASAR
Membaca cepat 200 kata permenit.

III. INDIKATOR
a. Mampu menjawab dengan benar 75% dari jumlah pertanyaan yang disediakan.
b. Mampu meningkatkan kecepatan membaca dengan:
- metode gerak mata,
- menghilangkan kebiasaan membaca bersuara
- meningkatkan konséntrasi

IV. KEGIATAN BELAJAR MENGAJAR (SKENARIO PEMBELAJARAN)
A. Persiapan
- Guru menyediakan bacaan éksposisi
- Guru menunjukkan bacaan dengan jumlah kata 200 kata.
- Guru membagikan téks bacaan éksposisi

B. Kegiatan Inti
- Murid dikenalkan kepada cara membaca cepat dengan teknik membaca frasa
- Murid mengingat

C. Penutup

V. DESAIN PEMBELAJARAN
A. Pendekatan Pembelajaran
B. Métode Pembelajaran
C. Téknik Pembelajaran

VI. MEDIA PEMBELAJARAN (Alat dan Sumber Belajar)

VII. PENILAIAN

1) Lokakarya KBK Bahasa Daerah (Sunda) pikeun Guru-guru SMP sa-Kabupatén Garut, 17-03-2004
2) Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah (Sunda) FPBS UPI

**3. Modél Pangajaran Kompeténsi Basa jeung Sastra Sunda**

Modél pangajaran ngawengku opat hal, nya éta (1) silabus, (2) kagiatan Diajar-Ngajar, (3) Bahan, jeung (4) évaluasi.

**(a) Silabus**

Eusi silabus ngawengku dua hal, nya éta: (1) idéntitas silabus (mata pelajaran, satuan pendidikan, kelas/seméster, alokasi waktu) jeung (2) unsur silabus (kompeténsi dasar, matéri pokok, (hasil diajar), indikator, jeung pembelajaran).

**(b) Kagiatan Diajar-Ngajar**

Kagiatan diajar siswa ngurung lima aspék, nya éta latihan: (1) ngagunakeun kaweruh jeung kabisa, (2) mikir, (3) indrawi, (4) metakeun, jeung (5) latihan ngagunakeun alat. Kagiatan guru ngajar ngan sakadar méré dorongan jeung ngalelempeng.

**(c) Pidangan Bahan**

Di handap ieu conto raraga bahan jeung kagiatan diajar siswa, anu matérina ngawengku (dongéng, kalimah paréntah, jeung istilah tutuwuhan).

NGADONGĚNG

A. Macakeun Dongéng
    a. Bacaan Dongéng Fabel
    b. Maham Eusi Dongéng
    c. Miharti jeung Ngalarapkeun Kecap
    d. Nuliskeun deui dongéng
B. Ngawangun Kalimah Paréntah
    a. Mikawanoh Kalimah Paréntah
    b. Nyieun Kalimah Paréntah
    c. Ngarobah Kalimah Wawaran jadi Paréntah
C. Mikawanoh jeung Ngalarapkeun Kecap
    a. Mikawanoh Istilah Tutuwuhan
    b. Ngalarapkeun Kecap kana Kalimah.

1) Lokakarya KBK Bahasa Daerah (Sunda) pikeun Guru-guru SMP sa-Kabupatén Garut, 17-03-2004
2) Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah (Sunda) FPBS UPI

# IMPLEMENTASI PEMBELAJARAN KONTEKSTUAL DALAM MATA PELAJARAN BAHASA DAERAH (SUNDA)

**MAKALAH**

**Disajikan dalam *Lokakarya KBK Bahasa Daerah (Sunda)***

***bagi Guru SMP se-Kabupaten Bekasi***

**Gedung PGRI Cikarang Utara, 16 Maret 2004**

**oleh**

**Drs. Yayat Sudaryat, M.Hum.**

**MUSYAWARAH GURU MATA PELAJARAN (MGMP)**

1) Lokakarya KBK Bahasa Daerah (Sunda) pikeun Guru-guru SMP sa-Kabupatén Garut, 17-03-2004
2) Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah (Sunda) FPBS UPI

**KABUPATEN BEKASI**

**2004**

# IMPLEMENTASI PEMBELAJARAN KONTEKSTUAL DALAM MATA PELAJARAN BAHASA DAERAH (SUNDA)

## A. HAKIKAT PEMBELAJARAN KONTEKSTUAL

1. Pembelajaran kontekstual atau Contextual Teaching and Learning (CTL)
2. Konsep belajar yang mengaitkan materi ajar dengan situasi dunia nyata siswa.
3. Mendorong siswa membuat hubungan pengetahuan dirinya dengan kehidupan sehari-hari.

## B. KOMPONEN PEMEBELAJARAN KONTEKSTUAL

1. Konstruktivisme (Contructivism)
2. Bertanya (Questioniong)
3. Menemukan (Inquiry)
4. Masyarakat belajar (learning Community)
5. Pemodelan (Modeling)
6. Refleksi (Reflection)
7. Penilaian sebenarnya (Authentic Assesment)

## C. MOTTO

Cara belajar terbaik ialah siswa mengkonstruksi sendiri secara aktif pemahamannya.

**“Students learn best by actively constructing their own understanding”**

## D. KARAKTERISTIK PEMBELAJARAN KONTEKSTUAL

1. Kerjasama
2. Saling menunjang
3. Menyenangkan, tidak membosankan (*Joyfull and Quantum Learning*)
4. Belajar dengan bergairah
5. Pembelajaran terintegrasi
6. Menggunakan berbagai sumber
7. Siswa aktif dan kritis, guru kreatif

1) Lokakarya KBK Bahasa Daerah (Sunda) pikeun Guru-guru SMP sa-Kabupatén Garut, 17-03-2004
2) Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah (Sunda) FPBS UPI

8. Berbagi (*sharing*) dengan teman
9. Penyajian karya siswa
10. Laporan (Rapor dan Karya Siswa)

**E. KATA-KATA KUNCI PEMBELAJARAN KONTEKSTUAL**

1. Belajar di dunia nyata (*Real World Learning*)
2. Mengutamakan pengalaman nyata
3. Berfikir tingkat tinggi
4. Berpusat pada siswa
5. Siswa aktif, kritis dan kreatif
6. Pengetahuan bermakna dalam kehidupan
7. Dekat dengan kehidupan nyata
8. Perubahan perilaku
9. Siswa praktek, bukan menghapal
10. Belajar (*learning*) bukan mengajar (*teaching*)
11. Pendidikan (*eduaction*) bukan pengajaran (*instruction*)
12. Pembentukan manusia
13. Pemecahan masalah
14. Siswa tampil (*acting*), guru mengarahkan
15. Hasil belajar diukur dengan aneka cara, tidak hanya tes.

**F. STRATEGI PENGAJARAN KONTEKSTUAL**

1. CBSA
2. Pendekatan proses
3. Life skill education
4. Authentic intruction
5. Inquiry based learing
6. Problem based learning
7. Cooperative learning
8. Service learning

**G. URUTAN BELAJAR KONSTRUKTIVISTIK**

1. Pengaktifan pengetahuan (*activiting knowledge*)
2. Pemerolehan pengetahuan baru (*acquiring knowledge*)
3. Pemahaman pengetahuan (*undestanding knowledge*)

1) Lokakarya KBK Bahasa Daerah (Sunda) pikeun Guru-guru SMP sa-Kabupatén Garut, 17-03-2004
2) Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah (Sunda) FPBS UPI

4. Penerapan pengetahuan (*applying knowledge*)
5. Perefleksian pengetahuan (*reflecting knowledge*)

## H. PENERAPAN PENDEKATAN KONTEKSTUAL DI KELAS

1. Kembangkan pemikiran bahwa siswa akan belajar lebih bermakna dengan cara bekerja, menemukan, dan mengkonstruksi sendiri pengetahuan dan keterampilan barunya.
2. Laksanakan sejauh mungkin kegiatan inkuiri untuk semua topik
3. Kembangkan sifat ingin tahu siswa dengan bertanya
4. Ciptakan masyarakat belajar (belajar dalam kelompok)
5. Hadirkan model sebagai contoh pembelajaran
6. Lakukan refleksi akhir pertemuan
7. Lakukan penilaian yang sebenarnya dengan berbagai cara

## I. PENYUSUNAN RENCANA PEMBELAJARAN KONTEKSTUAL

1. Nyatakan kegiatan utama pembelajaran: (a) Standar Kompetensi, (b) Kompetensi Dasar, (c) Materi Pokok, dan (d) Indikator Pencapaian
2. Nyatakan tujuan umum pembelajarannya dalam pengalaman belajar
3. Rincilah media untuk mendukung kegiatan
4. Buatlah skenario tahap demi tahap kegiatan siswa
5. Nyatakan authentic assessment

Berikut ini format Rencana Pembelajaran Kontekstual.

| | |
|---|---|
| Satuan Pendidikan | : SMP |
| Mata Pelajaran | : Bahasa Daerah (Sunda) |
| Materi Pokok/Tema | : ________________________________ |
| Kelas/Semester | : ________/__________ |
| Alokasi Waktu | : _______ Pertemuan ( ___ x ____ menit) |

I. STANDAR KOMPETENSI
II. KOMPETENSI DASAR
III. INDIKATOR
IV. KEGIATAN BELAJAR MENGAJAR (SKENARIO PEMBELAJARAN)
  A. Persiapan
  B. Kegiatan Inti
  C. Penutup
V. DESAIN PEMBELAJARAN
  A. Pendekatan Pembelajaran

1) Lokakarya KBK Bahasa Daerah (Sunda) pikeun Guru-guru SMP sa-Kabupatén Garut, 17-03-2004
2) Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah (Sunda) FPBS UPI

B. Metode Pembelajaran
C. Teknik Pembelajaran
VI. MEDIA PEMBELAJARAN (Alat dan Sumber Belajar)
VII. PENILAIAN

**PENYUSUNAN SILABUS DAN MODEL PENILAIAN**

A. Penyusunan Silabus

a. Identifikasi KBK

b. Pengurutan Standar Kompetensi dan Kompetensi Dasar

c. Penentuan Materi Pokok dan Uraian Materi Pokok

d. Pemilihan Pengalaman Belajar

e. Penjabaran Kompetensi Dasar menjadi Indikator

f. Penjabaran indikator ke dalam Instrumen Penilaian

g. Menentukan Alokasi Waktu

h. Sumber/Bahan/Alat/Media

B. Penyusunan Penilaian

a. Berorientasi pada Pencapaian Kompetensi

b. Berfungsi untuk

(1) mengetahui kemajuan belajar siswa

(2) mendiagnosis kesulitan belajar

(3) memberikan umpan balik

(4) melakukan perbaikan

(5) memotivasi guru mengajar kreatif

(g) memotivasi siswa belajar aktif dan kritis

c. Syarat-syarat Isi penilaian:

(a) terpercaya (*valid*)

(b) mendidik (edukatif)

(c) berorientasi kepada kompetensi

(d) adil dan objektif

(e) terbuka

(f) berkesinambungan

(g) menyeluruh

(h) bermakna

d. Wujud Penilaian

(a) Jenis Tagihan:

1) Lokakarya KBK Bahasa Daerah (Sunda) pikeun Guru-guru SMP sa-Kabupatén Garut, 17-03-2004
2) Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah (Sunda) FPBS UPI

(1) kuis

## PANGAJARAN KOMPETĔNSI BASA SUNDA DI SMP[1)]

**Yayat Sudaryat[2]**

1) Lokakarya KBK Bahasa Daerah (Sunda) pikeun Guru-guru SMP sa-Kabupatén Garut, 17-03-2004
2) Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah (Sunda) FPBS UPI

# PADIKA MEKARKEUN JEUNG NYUSUN LENGKAH-LENGKAH DIAJAR BASA SUNDA PIKEUN SISWA SMP[1)]

**Yayat Sudaryat[2)]**

## 1. Purwawacana

Ieu tulisan anu basajan teh medar perkara sawatara “Padika Mekarkeun jeung Nyusun Lengkah-lengkah Diajar Basa Sunda”. Disebut basajan soteh dumeh eusina henteu pepek sakumaha nu dipiharep ku para pamilon dina ieu lawungan. Malah bisa disebut cetek pisan. Boa tos padamaphum nepi ka teu aneh lamun di antara pamilon ngarasa teu perlu, da geus ngarasa bisa jeung biasa. Ku kituna, ieu tulisan lain rek ngaguruan atawa “mapatahan ngojay ka meri”, “mapatahan naek ka monyet”, da Ibu miwah Bapa sanes meri sareng monyet. Ieu mah itung-itung jabung tumalapung, sasieureun sabeunyeureun aya mangpaatna, minangka bahan guareun. Sigana disebut bahan oge kurang keuna, da ieu mah itung-itung eupan, sugan jeung sugan padungdengan papada urang nyambung.

Aya opat hal anu dipidangkeun, nya eta (1) tujuan pangajaran basa Sunda, (2) bahan ajar basa Sunda, (3) padika diajar, jeung (4) model diajar basa Sunda.

## 2. Tujuan Pangajaran Basa Sunda

Tujuan pangajaran basa Sunda teh nyoko kana tilu tahap kamampuh (kompetensi, *competence domains*), nya eta kaweruh (kognitif), sikep (afektif), jeung kaparigelan (psikomotor). Dumasar kana eta tahap kamampuh, tujuan pangajaran basa Sunda teh nya eta sangkan siswa mibanda kamampuh

a. nyangkem basa jeung sastra Sunda tina jihat wangun, fungsi, jeung harti, turta nga-gunakeunana kalawan bener tur merenah luyu jeung konteks situasi;
b. ngagunakeun basa jeung sastra Sunda pikeun ngundakkeun kamampuh daya mikir, sawawa rasa, jeung sawawa hirup pakumbuhan; sarta
c. nembongkeun sikep nu hade kana basa jeung sastra Sunda nepi ka daék ngajénan jeung ngarasa reueus.

---

**1) Makalah dina *Semiloka KBK Mata Pelajaran Basa Sunda,* di YPDM Pasundan, Bandung, 27 September 2003**
**2) Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI**

1) Lokakarya KBK Bahasa Daerah (Sunda) pikeun Guru-guru SMP sa-Kabupatén Garut, 17-03-2004
2) Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah (Sunda) FPBS UPI

## 3. Bahan Ajar Basa Sunda

### 3.1 Prinsip Nyusun Bahan Ajar

Dina nyusun bahan ajar basa Sunda didadasaran ku tilu prinsip, nya éta (1) prinsip spiral, (2) prinsip tématis, (3) prinsip komunikatif, jeung (4) prinsip gumulung (integratif).

*Prinsip meulit* atawa *spiral* dilaksanakeun ku cara nimbang-nimbang bahan dumasar kana sawatara ambahan, ti mimiti hal-hal anu (a) deukeut ka nu jauh, (b) basajan ka nu ruwed, (c) heureut ka nu lega, (d) deukeut ka nu jauh, (e) nembrak ka nu nyumput, (f) kauni ka nu nyamuni, (g) apal ka nu teu apal, (h) sipatna wewengkon ka nu sipatna lulugu, jeung (i) régional, nasional, nepi ka internasional.

